

JEDI 14 NOVANM

VIZIT NAN ESTIDYO AVÈK ATIS ENGELS

12:30-3:00pm

Nan lokal Neuberger Museum of Arts.

Vin rankontre Atis Engels pou yo moman tètatèt nan Neuberger, espas kote li travay. Atis la ap genyen avèk li komisè atistik Patrice Giasson pou reponn kesyon oswa jis pale de zèv li yo ki ekspoze.

YON TI CHITA PALE AK LORRAINE MANGONAISE

4:00-5:00pm

Nan lokal The Buffert, Admissions center

Lorraine Mangonaise, direktris FOKAL, yon branch Open Society Foundation an Ayiti, ap vinn pale sou travay òganizasyon li an ap fè nan sipòte moun k ap goument pou pote chanjman nan sisyèt Ayisyèn nan.

ENTÈVANSYON ESPESYAL Edwidge Danticat

6:30-8:00pm

Lokal Humanities theatre, Humanities Building

Edwidge Danticat, yon Konkennchenn ekriven Ayisyèn ap pale sou wòl yon ekriven nan jenerasyon sa. Apresa, l ap tanmen yon konvèrsasyon ak Pwofesè assistan ekriti kreyativ Medhi Tavani Okasi.

VENDREDI 15 NOVANM

DISKISYON NAN YON PANÈL / NOUVO LODYANSÈ

12:30-2:30pm

Lokal Humanities Theatre, Humanities Building

Envite espesyal la, Edwidge Danticat ap dirije yon panèl ak nouvèl jenerasyon ekriven, jounalis ak komedyen ki chanje mannyè yo rakonte istwa nan medya an Ayiti. PAmi yo, Jetry Dumont ak Widlore Merancourt ki nan ekip Ayibopost, ansanm ak komedyen feminis Gaelle Bien-Aim.

PWOJESYON FIM KOUT: FIM KI FÈT ANT PLIZYÈ PEYI

3:00-5:00pm

Lokal Pepsico Theatre, The Performing art center

Pou ankouraje dyalòg youn ak lòt, Purchase College te lanse yon pwojè kreyasyon fim kote etidyan plizyè Etazini, Benin, ak Ayiti ki ap aprann fè fim te mete tèt ansanm pou pwodwi fim tou kout epi fè pwomosyon po dyalòg ant plizyè kilti. Nou chwazi fè pwojeksyon kèk pamí fím sa yo ki te pwodwi ant 2018 ak 2019 avèk yon fokis sou yon reyalizatè Ayisyen pamí yo e aprèsan ap diskite ak jèn sa yo.

PANÈL DISKISYON / AGRIKILT

5:00-6:30pm

Lokal Upper Lobby, The Performing Arts Center

Atlanta Macwraith ki soti nan Timberland Corporation, ansanm avèk ak Timothé Georges ak Hugh Locke, youn nan fondatè Smallholder Farmers Alliance, ap la pou fon ti pale sou tèt ansanm yo genyen pou transfòme agrikilti an Ayiti. Atis Thony Lou, ki kreye yon liv tikomik sou fanm “surperhero” pou reprezante Smallholder, ap vin patisipe nan diskisyon an tou.

MIZIK/ TANBOUREN

6:30-7:00pm

Lokal Upper Lobby, The Performing Arts Center

Konsè avèk Tambourinè Aysisyen ki soti nan konsèvatwa mizik lekol Dave Lewitt's.

ESPEKTAK MIZIK AK DANS: AYITI AP VIV

7:00-9:00pm

Lokal Recital Hall, The Performing Arts Center

Pwogramasyon mizikal sa ap genyen mizik tradisyonèl fòblkò Ayisyen ak Djaz klasik. Pami atis k ap pèfòme yo: pwofesonèl atis Steven Meyer (pyano), Rudy Perrault (vylon/konpozitè) epi jèn dansè chaje talan ki soti nan Purchase Conservatory of Dance, epi mizisyen ki soti nan Purchase Conservatory of Music.

SAMDI 16 NOVANM

VIZIT NAN ESTIDYO AVEK ATIS ENGELS

12:00-2:00pm

Lokal Neuberger Museum of Art

Ou dwe fè rezèvsysyon pou antre nan pwogram sa

Rankont tètakèt ak atis Engels nan rezidans travay atistik li nan The Neuberger. Atis la ansanm ak komisè ki òganize eksposizyon an ap nan reponn kesyon oswa jis pale de zèv li yo ki ekspoze.

KIJAN DEMEN AP YE AN AYITI: CHITA PALE AK ÒGANIZASYON SOU TEREN YO

2:00-5:00pm

Lokal Upper Lobby, The Performing Arts Center

Yo dyalòg je nan je ak òganizasyon kominotè yo ki baze an Ayiti ak Etazini, pamí yo FOKAL (Fondasyon Konesans ak Libète), Haiti Adolescent Girls Network, Haiti Cultural Exchange, the Public-Private Alliance Foundation, Purchase Student of Caribbean Ancestry, Smallholder Farmers Alliance, Solar Cookers International, Université Notre Dame d'Haïti at Hinche, Solar CITIES Global Biohgas Education project/GDS, ak SUNY's Learning Through Development in Haiti.

PWOJEKSYON FIM/ Wòch nan Solèy

Reyalizatris: Patricia Benoit

12:30-2:45pm

Lokal PepsiCo Theatre, The Performing Arts Center

Nan mitan pwoblèm peyi yo ap rankontre, 3 koup Ayisyen nan ane 80 rankontre nan NYC kote yo vin pran refij. Yo dwe afwonte vye verite sou pase yo a, pandan nap aprann pazapa istwa ki marande lavi yo.

(2014, 95 minit)

PWOJEKSYON FIM/ Wòch kase

Reyalizatris: Guetty Felin

3:30-5:00pm

Lokal Center for Media, Film and Theatre (CMFT) 0065 Screening Room

Pi ansyen katye ki genyen nan vil Pòtoprens, an Ayiti, katye Katedral se te kote ki te pran gwo chòk nan goudougoudou 2010 la. Fim sa chèche konnen tout sa ki pase nan katedral la, dekonb yo ki sanble ak yon gwo sal espektak tou louvre ki ap devwale sa k ap pase nan reyalite lavi an Ayiti. (2012, 61 minit)

GADE FIM/ Douvanjou ka Leve

Reyalizatris: Gessica Geneus

5:15-6:45pm

Lokal Center for Media, Film and Theatre (CMFT) 0065 Screening Room

Reyalizatris ak aktris Gessica Geneus fè yon vwayaj pou l konprann jan sosyete Ayiti a malad nan nanm, vodouyzan dozadop ak pwotestan. Geneus pran malady bipolarite manman l lan kòm pretèks pou li chache jwenn koneksyon ant istwa fanmi li ak peyi li ki divize. (2018, 51minit)

JWE MIZIK/CHOUK BWA

8:00-10:00pm

Lokal Pepsico Theatre, The Performing Arts Center

Pri espektak soti \$6.25 pou rive \$27.50

Depi sou tè premye Repiblik nwa ki pran nan nouvo mond lan, Chouk Bwa ap jwe mizik rasin ayisyèn ki melanje tanbou, dans, chan, seremoni vodou ak rara nan epòk pak.

ONGOING

MANJE NAN KAMYON

Vendredi ak Samdi, 12:00-8:00pm

Lokal West 2 Parking Lot

Vin plen vant nou ak manje Ayisyen ak lòt peyi nan Karayib la, ak Ameriken tou.

- Caribbean Thyme Restaurant
- Caribbean Pearl Food Truck

VIZIT NAN ESTIDYO AK EKSPOZISYON

Vendredi 3:00-5:00pm

Samdi 2:00-5:00pm

Lokal Upper Lobby, The Performing Arts Center

Avèk èd etidyan Purchase yo, Toni Loui ki se desinatè Ayisyen liv tikomik Ayisyen epi atis ki nan rezidans nan School of Art + Design ap vin mete touch final nan premye liv tikomik I ap kreye. Liv sa genyen ladan I yon fanm "superhero" ki pote non TANAMA. Fanm sa itilize pouvwa espesyal li yo pou ede plantè pwopriyetè - sitou fanm kap travay late - an Ayiti tankou nan lòt Peyi. Pandan yap goumen ak pakèt pwoblèm epi konbat fòs pèvès chanjman kap fèt nan lè an ak pye bwa yap plante. Vizite estidyo Tanama, rankontre Atis la, gade kòman pwojè liv tikomik sa ap devlope epi admire talan Loui tou.